

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang tukang Panalungtikan

Dina jaman kiwari media digital téh gedé pisan pangaruhna kana rupa-rupa aspék masarakat, kaasup kana widang pangajaran. Mangpaat anu nyampak mangrupa parobahan paradigma dina prosés diajar, hususna dina kontéks pangajaran basa Sunda. Pentingna mekarkeun média digital dina prosés pangajaran basa Sunda teu bisa diremehkeun, kamajuan téknologi informasi jeung komunikasi geus mere loba pisan mangpaat dina distribusi dunya atikan, jeung penilaian diajar. Ngagunakeun média digital dina prosés pangajaran basa Sunda bisa dironjatkeun sangkan leuwih ngirut, interaktif, ogé diluyukeun jeung kabutuhan siswa dina jaman kiwari.

Pangajaran basa Sunda kaasup mata pelajaran anu kudu nyaluyukeun jeung parobahan jaman. Maksudna, guru Basa Sunda kudu bisa ngamekarkeun rarancang pangajaran nurutkeun tungtutan nu aya ayeuna (Ruhaliah, spk, 2021). Pasualan nu aya dina widang atikan, hususna dina pangajaran basa, sastra jeung aksara Sunda téh pohara jeung *signifikan*, ieu hal luyu jeung pamadegan Sudaryat (2015) anu nétélakeun yen sababaraha pasualan anu nyampak dina pangajaran basa Sunda kiwari diantaranya nyaéta kurangna tanaga pengajar anu ngabogaan kualifikasi profési, kurangna minat jeung motivasi siswa pikeun diajar basa Sunda, bangbaluh nu aya dina prosés pangajaran, eusi kurikulum jeung bahan ajar ogé lingkungan diajar. Ku kituna perlu dilaksanakeun léngkah-léngkah pikeun ngaronjatkeun standar kualitas pangajaran, bahan ajar jeung bahan rujukan sangkan pangajaran basa Sunda di sakola bisa dilaksanakeun kalawan éféktiv jeung éfisién.

Dina SKKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda (Disdik Jabar, 2007:23-24), nétélakeun yén fungsi diajar basa Sunda saluyu jeung posisi basa nya éta basa sunda salaku basa daérah jeung sastra Sunda minangka sastra Indonesia. Pangajaran basa Sunda mibanda fungsi minangka ieu di handap:

- 1) sarana pangwangunan sosial kabudayaan daérah Jawa Barat;
- 2) sarana pikeun nambahan pangaweruh, kamampuh, jeung sikep dina kontéks ngalastarikeun jeung ngamekarkeun budaya;
- 3) sarana nambahan pangaweruh, kaparigelan jeung sikep pikeun ngahontal ogé ngamekarkeun élmu pangaweruh, téhnologi jeung seni;
- 4) sarana mekarkeun nalar, jeung
- 5) fasilitas keur maham kana rupa-rupa kabudayaan daérah (Sunda).

Patali jeung léngkah-léngkah pikeun ngaronjatkeun standar kualitas pangajaran basa Sunda salah sahiji alat utama pikeun nepikeun informasi sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal nya éta média pangajaran. Média pangajaran kudu diluyukeun jeung kabutuhan dina prosés pangajaran, aya rea jenis media salah sahijina nyaéta média pangajaran. Média dina pangajaran nyaéta média anu digunakeun dina kagiatan pangajaran anu ngawengku pakakas pikeun pangajaran, ogé sarana pikeun nepikeun informasi ti sumber diajar ka nu narima informasi, (Hapsari & Pamungkas, 2019). Salian ti éta média pangajaran anu ngagunakeun téhnologi internét nu teu kawatesanan ku ruang jeung waktu bisa disebut média pangajaran berbasis digital, aya sababaraha mangpaat ngagunakeun ieu média. Média pangajaran berbasis *website* bisa ngurangan atmosfir statis di kelas. Salian ti bisa ngurangan atmosfir statis bisa ogé nyiptakeun prosés pangajaran anu éféktif, interaktif jeung ngarangsang motivasi diajar siswa. Réa pisan komponén pikeun ngahontal hasil diajar anu maksimal salah sahijina nya éta évaluasi pangajaran. Hasil diajar nya éta kamampuh anu dihontal ku siswa sanggeus ngaliwatan kagiatan pangajaran, contona parobahan paripolah, ngaronjatna pangaweruh, parobahan sikep, jeung ngaronjatna kaparigelan siswa sanggeus bérés diajar. Sedengkeun hasil diajar bisa diukur ku cara ngalaksanakeun prosés évaluasi pangajaran (Hosnan, 2014).

Évaluasi mangrupa prosés anu sistematis pikeun ngukur atawa nangtukeun hasil diajar anu geus dihontal ku siswa. Ieu luyu jeung pamadegan Zainul & Nasution (2001), anu nétélakeun yén évaluasi mangrupa prosés nyieun kaputusan ngagunakeun inpormasi anu dihontal ku cara ngukur hasil diajar, boh ngagunakeun instrumén tés boh non tés. Prinsip évaluasi mibanda tilu komponén anu raket pisan, nya éta tujuan diajar, kagiatan diajar atawa kagiatan pangajaran,

jeung évaluasi. Alat évaluasi disebut alus lamun mampuh meunteun hiji hal anu hasilna sarua jeung situasi anu dipeunteun. Sacara umum, tés anu dilakukeun ku guru pikeun meunteun hasil diajar siswa dina wangun tés subyektif jeung tés obyektif (Arikunto, 2013). Guru ngabutuhkeun média atawa alat évaluasi anu hadé sangkan fungsi évaluasi bisa jalan sakumaha kuduna.

Dina prosés pangajaran, aya rupa-rupa alat évaluasi anu digunakeun pikeun meunteun prosés diajar anu geus dilaksanakeun ku siswa. Média évaluasi bisa dimekarkeun pikeun mantuan guru sarta ngirut minat siswa pikeun milu dina prosés évaluasi. Salasahiji média évaluasi anu bisa digunakeun waktu diajar nyaéta média évaluasi digital berbasis *web* anu bisa diaksés ngaliwatan jaringan internét. Pangajaran berbasis *web* atawa anu katelah ogé “*web-based learning*” mangrupa salah sahiji jenis aplikasi pangajaran éléktronik (*e-learning*) (Wijaya & Muksin, 2012). Téhnologi internét anu interaktif, fléksibel, teu kawatesanan ku ruang jeung waktu, dipiharep bisa jadi salasahiji média pangajaran anu unggul. Dina kanyataanna kiwari media pangajaran berbasis digital masih keneh jarang, salian ti éta can rea guru Basa Sunda anu ngagunakeun media digital kusabab kawatesanan ku kamampu dina widang digital jeung kawatesanan ku jaringan internet anu teu sakabeh sakola nyadiakeun ieu luyu jeung pamadegan widana (2020) nu netelakeun yen sanajan kitu dina kanyataana ngagunakeun téknologi salaku média pangajaran di kelas masih keneh heureut.

Ku mekarkeun media évaluasi berbasis digital ieu dipiharep bisa dimangpaatkeun pikeun mantuan guru nalika kagiatan évaluasi, jadi salah sahiji media pangajaran berbasis digital dina pangajaran basa Sunda, Ngajadikeun siswa bisa terus kalibet dina prosés diajar teu saukur di kelas tapi ogé di luar kelas.

Ieu lain panalungtikan anu munggaran ngeunaan mekarkeun alat évaluasi pangajaran aya sababaraha panalungtikan saacan na, nya éta Nurhabibah, Prabawati, Fikriyah, jeung Komala Dewi (2021), nalungtik ngeunaan "Pengembangan Website Educandy Sebagai Alat Evaluasi Pada Pembelajaran Bahasa Indonesia Untuk Siswa Kelas V." Jurnal Nurhabibah, spk., medar ngeunaan léngkah-léngkah ngamekarkeun *web* évaluasi pangajaran interaktif berbasis *website educandy*, nguji kalayakan tina alat anu dimekarkeun. Laju, Ermawati, Y. D., & Kurniawan, R. Y. (2019), nalungtik anu judulna “*Analisis*

*pengembangan alat evaluasi pembelajaran berbasis intranet” ieu jurnal medar analisis hasil panalungtikan saacan ngeunaan alat évaluasi pangajaran berbasis internet anu hasilna nguji kalayakan tina alat évaluasi nu digunakeun, salian ti éta aya panalungtikan ti Auliya Syaripah, Erwin Rahayu Saputra (2024) nu nalungtik ngeunaan “Pengembangan Media Pembelajaran ICT Berbasis Game Edukatif Wordwall Sajak Bahasa Sunda Di Sekolah Dasar”.*

## **1.2. Rumusan Masalah Panalungtikan**

Dumasar kana kasang tukang di luhur bisa diidentifikasi masalah nu nyampak dina ieu panalungtikan téh nyaéta:

- 1) media pangajaran basa Sunda berbasis digital di sakola téh masih kénéh kawatesanan;
- 2) kurangna inovasi media pangajaran basa Sunda berbasis digital; jeung
- 3) media pangajaran basa Sunda téh masih kurang variatif.

Dumasar identifikasi masalah di luhur ieu panalungtikan diwatesan pikeun ngaguar media évaluasi berbasis digital dina wangun website pikeun pangajaran basa Sunda di SMA.

- 1) kumaha profil media pangajaran basa Sunda berbasis digital di SMA Kota Bandung jeung Kabupaten Subang?
- 2) kumaha rarancang media pangajaran basa Sunda berbasis digital di SMA Kota Bandung jeung Kabupaten Subang?
- 3) kumaha mekarkeun media pangajaran basa Sunda berbasis digital di SMA Kota Bandung jeung Kabupaten Subang?

## **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji jalan kaluar pikeun masalah nu aya dina widang pangajaran basa Sunda. Ku kituna ieu panalungtikan mibanda dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, siga ieu di handap.

### 1.3.1. Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta pikeun nyieun media pangajaran basa Sunda berbasis digital.

### 1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadeskripsikeun;

- 1) profil media pangajaran berbasis digital dina pangajaran basa Sunda di SMA;
- 2) rarancang media pangajaran berbasis digital dina pangajaran basa Sunda di SMA; sarta
- 3) proses mekarkeun media pangajaran berbasis digital dina pangajaran basa Sunda di SMA.

## 1.4. Manfaat

Salian ti tujuan umum jeung tujuan husus, ieu panalungtikan miboga manfaat anu dipiharep bisa luyu jeung harepan panalungtik. Salian keur pangajaran, hasil panalungtikan ogé dipiharep bisa manfaat keur jalma réa. Manfaat dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta manfaat téoritis jeung manfaat praktis, ieu di handap pedaran naon waé manfaat nu dipiharep bisa kahontal.

### 1.4.1. Manfaat Téoritis

Sacara Sacara téoritis manfaat panalungtikan nyaéta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) ngamekarkeun pangaweruh panalungtik ngeunaan *web* pikeun media pangajaran basa Sunda;
- 2) pikeun akademik, hasil tina panalungtikan ieu bisa dijadikeun bahan bacaan ogé conto media pangajaran berbasis digital; jeung
- 3) pikeun masyarakat umum, hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan budaya Sunda.

### 1.4.2. Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta ngamekarkeun média pikeun siswa jeung guru, ieu di handap mangpaat praktisna.

- 1) Mangpaat praktis pikeun panalungtik, nambahan pangaweruh jeung pangalaman keur panalungtik.
- 2) Mangpaat praktis pikeun guru atawa pangajar, jadi sumber référénsi media pangajaran dina kagiatan pangajaran basa Sunda.
- 3) Mangpaat praktis keur akademisi atawa mahasiswa bisa jadi sumber référénsi keur panalungtikan.

### 1.5. Struktur Organisasi Skripsi

Sistematika dina nyusun ieu skripsi kabagi jadi lima bab, nyaéta, Bab I Bubuka, eusina ngeunaan tiori struktural, panalungtikan saméméhna, oge ngeunaan media pangajaran berbasis digital. Bab II Raraga Tiori, eusina ngeunaan tiori tina unggal variabel jeung raraga mikir. Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik. Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngeunaan klasifikasi, ogé hasil tina panalungtikan anu geus dilakukeun ku panalungtik, jeung Bab V Panutup, mangrupa bab pamungkas nu eusina kacindekan jeung implikasi ogé rékoméndasi.

### 1.6. Wangenan Operasional

Wangenan operasional nyaéta jenis instruksi ngeunaan cara ngukur variabel. Salian ti éta wangenan operasional nyaéta informasi ilmiah anu bisa dipaké ku panalungtik séjén anu ngalaksanakeun panalungtikan ngagunakeun variabel anu sarua. Dina ieu panalungtikan média digital anu dimaksud nyaéta média digital dina wangun website anu dingaranan *web kelassekar.com*. Ieu di handap wangenan operasional anu digunakeun ku panalungtik.

### **1.6.1. Media Pangajaran Berbasis Digital**

Média pangajaran digital dina ieu panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun sangkan komunikasi leuwih éféktif jeung interaksi antara guru jeung siswa dina prosés pangajaran kalawan ngagunakeun teknologi digital. Media pangajaran digital nu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta *web Kelassekar.com*.

### **1.6.2. Pangajaran Basa Sunda**

Diajar mangrupa prosés interaksi anu dilaksanakeun ku siswa jeung guru, dina prosés diajar aya unsur-unsur anu ngawengku guru, siswa, sumber diajar, lingkungan, jeung interaksi nu silih patali. Nu dimaksud pangajaran basa Sunda dina ieu panalungtikan nyaéta pangajaran basa Sunda anu aya di jenjang SMA.